

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan kaasup kana jenis kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngahasilkeun prosedur analisis anu teu ngagunakeun prosedur statistik atawa kuantifikasi. Nurutkeun Jane Richie (Moleong, 2015, kc. 6) panalungtikan kualitatif nyaéta tarékah pikeun nembongkeun dunya sosial, jeung sudut pandangna di dunya tina segi konsep, paripolah, pikiran, jeung pasualan ngeunaan manusa anu ditalungtik. Bisa dicindekkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun maham ngeunaan gejala anu karandapan ku subjék panalungtikanana, misalna paripolah, pikiran, motivasi, jrrd., sacara holistik, jeung ku cara déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks ilmiah anu ngamangpaatkeun ogé rupa-rupa métode ilmiah.

Métode ilmiah anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2013) kecap deskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* anu hartina ngajéntrékeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, faktual, jrrd. Ieu métode dipaké lataran métode déskriptif mangrupa métode utama anu ngulik analisis panalungtikan kana sumber- sumber datana.

Dina ieu panalungtikan, data anu baris dicangking nyaéta struktur, motif carita, sémiotik, jeung intertékstual dina carita pantun LKA jeung LKP. Sabada dianalisis, tuluy ditafsirkeun, data didéskripsikeun nepi ka jadi laporan panalungtikan sarta kacindekan. Udagan dipakéna ieu métode pikeun ngadeskripsikeun, ngagambarkeun sacara sistematis, aktual jeung faktual ngeunaan fakta-fakta jeung patalina fenomena dina objék anu ditalungtik.


3.1. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang jeung kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik. Cindekna mah desain panalungtikan téh ngagambarkeun léngkah- léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan. Saupama digambarkeun, desain dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3 1 Desain Panalungtikan



3.2. Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland (Moleong, 2015, kc. 157) sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta ungkara, kecap, jeung paripolah. Leuwih ti éta kaasup kana data tambahan. Nurutkeun Arikunto (Arikunto, 2013, kc. 72) sumber data dina panalungtikan nyaéta subyék anu dipaké pikeun nyangking data.

Dina ieu panalungtikan, data anu dipaké nyaéta carita pantun Sunda Lutung Kasarung versi Baduy nu dikumpulkeun ku Ajip Rosidi, Spk., jeung anu dikumpulkeun ku C.M Pleyte.

1) Idéntitas Téks Carita Pantun Lutung Kasarung (LKA)


Judul : Carita Lutung Kasarung

Dipantunkeun ku : Ki Sadjin

Nu ngumpulkeun : Ajip Rosidi, Spk.

Taun : 1973

Kandel : 103 kaca



Gambar 3 1 Jilid Carita Pantun Lutung Kasarung (Ajip Rosidi)

2) Idéntitas Téks Carita Pantun Lutung Kasarung (LKP)

Judul : *De Legende van den Loetoeng Kasaroeng*

(Legenda Lutung Kasarung)

Dipantunkeun ku : -

Nu ngumpulkeun : C.M Pleyte

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Taun : 1911
Kandel : ± 200 kaca



Gambar 3 2 Jilid Carita Pantun Lutung Kasarung (C.M Pleyte)

3.3. Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan dibagi dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi nyaéta sakumna bahan tinulis atawa film (Moleong, 2015, kc.216). Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber-sumber data tinulis mangrupa carita pantun Lutung Kasarung versi C.M Pleyte (LKP) jeung versi Ajip Rosidi (LKA). Léngkah-léngkah ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data nu mangrupa carita pantun Lutung Kasarung;
- 2) Maca sumber data jeung référénsi séjénna ngeunaan carita pantun Lutung Kasarung;
- 3) Nyirian struktur carita, motif, semiotik jeung intertekstual dina carita pantun Lutung Kasarung;
- 4) Nyalin unsur motif, struktur carita, jeung unsur interteks kana instrumén panalungtikan (tabél/bagan).

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5) Nyieun déksripsi ngeunaan hasil tina ngumpulkeun data.

3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku kana léngkah-léngkah nganalisis struktural model Greimas tur dipaluruh ogé motifna maké kategori motif Stith Thompson, analisis sémiotik model Pierce, jeung analisis intertékstual. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) semiotik, jeung (d) unsur-unsur interteks.
- 3) Nganalisis carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) semiotik, jeung (d) unsur-unsur interteks.
- 4) Ngadeskripsikeun carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) semiotik, jeung (d) unsur-unsur interteks.
- 5) Nyieun kacindekan.

3.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun dina ngumpulkeun data, sangkan hasil data leuwih lengkep sarta sistematis, sangkan data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta format tabulasi sakumaha dipedar di handap.

Tabel 3 1 Analisis Struktur Transformasi dina Carita Pantun Lutung Kasarung

Situasi mimiti	Transformasi			Situasi ahir
	<i>Tahap Uji Kecakapan</i>	<i>Tahap Uji Utama</i>	<i>Tahap Kegemilangan</i>	

Tabel 3 2 Analisis Struktur Aktan Greimas dina Carita Pantun Lutung Kasarung

No.	Carita Pantun Lutung Kasarung	
1.	<i>Pengirim</i>	
2.	<i>Penerima</i>	
3.	<i>Penentang</i>	
4.	<i>Pembantu</i>	

Tabel 3 3 Analisis Motif Carita Pantun Lutung Kasarung

Motif anu Kasampak dina Carita	
LKA	LKP

Katerangan:

LKA = Carita Lutung Kasarung anu dipublikasikeun ku Ajip Rosidi

LKP = Carita Lutung Kasarung anu dipublikasikeun ku C.M Pleyte

Tabel 3 4 Analisis Unsur Sémiotik Carita Pantun Lutung Kasarung

Jenis	Tanda Sémiotik	Cutatan Carita	Kaca	Harti Tanda
Ikon
Indéks				
Simbol				

Tabel 3 5 Analisis Intertékstual Carita Pantun Lutung Kasarung

No.	LKA	LKP	Hipogram

Katerangan:

LKA = Carita Lutung Kasarung anu dipublikasikeun ku Ajip Rosidi

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

LKP = Carita Lutung Kasarung anu dipublikasikeun ku C.M Pleyte

3.4.1. Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Tékhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku kana léngkah-léngkah di handap. Analisis struktur model Greimas jeung motif carita anu dikategorikeun ku Stith Thompson, analisis unsur sémiotik Pierce, jeung analisis intertekstual. Ari langkah-langkahna saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) sémiotik, jeung (d) intertéks.
- 3) Nganalisis carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) sémiotik, jeung (d) intertéks.
- 4) Ngadeskripsikeun carita pantun Lutung Kasarung dumasar kana (a) struktur carita, (b) motif carita, (c) sémiotik, jeung (d) intertéks.
- 5) Nyieun kacindekan.